



Vil Cambridge
DHSP Sèvis Gadri ak Sipò pou Fanmi
Tiraj pou Lekòl Matènèl
Kesyon Moun Poze Souvan yo

Kiyès ki elijib pou patisipe nan Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan?

Rezidan Cambridge ki gen timoun ki gen laj yo mande an kapab patisipe nan Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan. Pou tiraj mwa oktòb 2022 ki la pou fè enskripsyon pou ane lekòl 2023-2024 lan, timoun ki gen dat nesans yo ki ant Premye (1) avril 2019 jiska 5 desanm 2020, yo ki konsidere tankou timoun ki elijib yo.

Kijan mwen kapab patisipe nan Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan?

Y ap aksepte aplikasyon pou tiraj nan mwa oktòb 2022 pou ane lekòl k ap kòmanse nan mwa septanm 2023 an. Yo konsidere timoun ou an gen laj yo mande pou li enskri nan lekòl matènèl si li gen ant 2 lane ak 9 mwa – 4 lane ak 5 mwa. **Pa egzanp, pou patisipe nan tiraj k ap fèt nan mwa oktòb 2022 an (pou enskri pou ane lekòl 2023-2024 lan), dat nesans timoun ou an dwe ant Premye (1) avril 2019 jiska 5 desanm 2020.**

Pou yo konsidere aplikasyon pou tiraj lan konplè, ou dwe soumèt dokiman sa yo:

- **Aplikasyon Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan**
- **Prèv Revni ak Kantite Moun ki nan Fanmi an:** Deklarasyon Taks **ak** 4 souch chèk ki fèt youn dèyè lòt (oswa pandan 30 dènye jou) **oswa** lèt valid pou nenpòt avantaj w ap benefisye (TANF, SSI, SNAP, WIC, elatriye)
- **Prèv Laj Pitit ou an:** Ak Nesans **oswa** paspò timoun lan
- **Prèv adrès:** Kontra Lwaye, prè ipotèk, lèt founisè lojman an bay, fakti sèvis piblik ki gen 2 mwa pou pi plis, fakti kab ki gen 2 mwa pou pi plis, anrejistreman machin, **oswa** Fòm w ap viv ak Moun

Ki kote mwen ka aplike pou Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan?

Pandan mwa oktòb lan, ou kapab jwenn aplikasyon Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan sou www.cambridgema.gov/presschoollottery

Si ou mande èd an pèsòn w ap jwenn li. Si ou bezwen sa, tanpri kontakte dhspreschools@cambridgema.gov oswa 617-349-6254.

Kijan Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan fonksyone?

Nan chak salklas Lekòl Matènèl nou genyen yo, nou rezève anviwon mwatye plas yo pou fanmi ki gen priyorite yo. Nou defini fanmi ki gen priyorite yo nan nivo oswa pi ba pase 65% Revni

Mwayen Depatman Lojman ak Devlopman Sosyal Ameriken (Dept. of Housing and Urban Development Area Median Income, HUD AMI). ([Gade Tablo Revni HUD AMI an pou ane 2022 an](#)) Etandone nou resevwa aplikasyon pou tiraj lan epi aprè pwosesis pou fè aplikasyon yo fèmen, nou pral revize aplikasyon yo pou verifye si yo konplè epi gade priyorite yo epi fè suivi ki nesèsè yo ansanm ak fanmi yo. Pandan moman sa a, nou pral detèmine tou ki kantite plas priyorite ak jeneral ki disponib nan chak klas pou plasman tiraj yo.

Kote nou fin konnen kantite moun ki te aplike epi nou konnen kantite plas ki disponib nou gen pou ane lekòl sa a, n ap fè tiraj lan.

Avan tout bagay, n ap fè yon tiraj pou plas priyorite pou fanmi ki reponn ak kritè sa yo pandan n ap itilize yon aparèy k ap jenere chif yo oaza. Lè chak fanmi prezante, n ap analize premye chwa li fè an epi asiyen li nan yo salklas si genyen yon plas ki disponib. Si pa genyen yon plas ki disponib selon premye chwa yo fè an, apres a nou pral analize dezyèm chwa yo epi tout chwa yo fè youn aprè lòt. Si pa genyen okenn plas ki nan pwogram yo chwazi yo, yo pral ajoute yo nan lis atant ki gen priyorite an.

Aprè tiraj priyorite an, nou konsantre nou sou aplikan ki gen frè/sè yo ki deja enskri nan yon salklas Lekòl Matènèl DHSP an. Yo mete frè/sè yo si genyen yon plas ki disponib nan salklas yo te chwazi an.

Après a, n ap fè yon tiraj pou plas priyorite pou fanmi ki poko genplas yo pandan n ap itilize yon aparèy k ap jenere chif yo pa aza. Lè chak fanmi prezante, n ap analize premye chwa li fè an epi asiyen li nan yo salklas si genyen yon plas ki disponib. Si pa genyen yon plas ki disponib selon premye chwa yo fè an, apres a nou pral analize dezyèm chwa yo epi tout chwa yo fè youn aprè lòt. Si pa genyen okenn plas ki nan pwogram yo te chwazi yo, yo pral ajoute yo nan lis atant ki gen priyorite an.

Aprè nou fini ak tiraj lan, n ap konfime lis klas nou genyen yo ansanm ak Direktè Lekòl Matènèl yo pou asire nou pa genyen okenn erè ki ka debouche sou gen twòp timoun nan yon salklas. Yon fwa nou fin konfime lis yo, n ap avèti fanmi yo rezilta tiraj lan atravè Viewpoint, platfòm anliy fanmi yo itilize pou Tiraj Lekòl Matènèl Si yo pwopoze yon plas, yo pral avèti fanmi yo ki kote Lekòl Matènèl lan ye, enfòmasyon sou jan pou kontakte Lekòl Matènèl pou poze kesyon kesyon konsènan anplasman yo epi/oswa pou pwograme yon vizit, ak frè ekolaj lan.

Tank nou aprann gen plas yo pa aksepte plas yo, nou pral gade nan lis atant epi enfòmasyon fanmi yo atravè Viewpoint si gen chanjman nan estati an.

Kijan mwen kapab ogmante chans mwen gen pou mwen jwenn yon plas nan yon Lekòl Matènèl DHSP?

Plis ou chwazi pwogram se plis chans ou genyen pou jwenn yon plas. Si genyen nenpòt pwogram kote ou p ap kapab voye timoun ou an potèt lè oswa zòn, tanpri **pa** chwazi yo. Si ou te

chwazi yon plas nan nenpòt pwogram ou te chwazi epi ou pa akspete plas sa a, ou pèdi plas pa ou an nan tiraj lan. Ou pa kapab mande pou yo transfere ou nan yon lòt pwogram.

Kilè mwen pral konnen timoun mwen an gen yon plas nan yon Lekòl Matènèl DHSP

Ou pral konnen sa nan mwa desanm ki vini apre tiraj lan.

Si yo pwopoze mwen yon plas nan yon Lekòl Matènèl DHSP, èske mwen dwe konfime pou di mwen vle enskri timoun mwen an nan pwogram lan?

Wi. Tout fanmi yo pwopoze yon plas pral gen bezwen aksepte oswa refize plas lan jiska 31 janvye 2023. Si nou pa pran nouvèl yon fanmi aprè 31 janvye, nou pral pwopoze plas lan bay yon lòt timoun ki nan lis atant lan

Èske gen règ preferans pou frè ak sè nan Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan?

Frè ak sè timoun ki deja enskri nan youn (1) nan pwogram Lekòl Preskolè nou genyen yo nan moman tiraj lan ap fèt lan gen priyorite, men sa pa vle di y ap tou jwenn yon plas.

Èske mwen kapab fè timoun mwen an patisipe nan Tiraj pou Lekòl Matènèl DHSP lan si mwen yon anplwaye yon Minisipalite oswa Lekòl Piblik Cambridge yo, menm pa yon rezidan Cambridge?

Rezidan Cambridge se yo menm ki toujou gen priyorite an. Pou tiraj mwa oktòb 2022 pou enskripsyon ane lekòl 2023 - 2024 lan, anplwaye Minisipalite Cambridge yo ak Lekòl Piblik Cambridge ki pa rezidan Cambridge pral kapab patisipe nan tiraj lan.

Nou pral evalye kapasite anplwaye Minisipalite Cambridge yo ak Lekòl Piblik Cambridge yo ki pa rezidan Cambridge yo chak ane avan tiraj lan. Olye papyè antanke Prèv Adrès, anplwaye Minisipalite Cambridge ak Lekòl Piblik Cambridge ki pa rezidan Cambridge yo oblije soumèt prèv travay.

Kisa pou mwen fè si yo ajoute mwen nan lis atant Tiraj DHSP an?

Si gen plas ki vin disponib, nou pral kontakte fanmi yo ki sou lis atant lan pou pwopoze yo plas ki disponib yo. Lis atant lan pral rete aktif jiskaske nou kòmanse aksepte aplikasyon pou pwochen tiraj lan (Oktòb 2023). Nan mwa oktòb 2023, lis atant lan ekspire epi fanmi ki gen

timoun ki toujou gen laj yo pa gen pwoblèm pou patisipe nan tiraj lan ankò pou enskripsyon pwochen ane an.

Si ou bezwen yon lòt pwogram, genyen resous sa yo pou chèche lekòl matènèl yo:

- Find It Cambridge: finditcambridge.org oswa 617-686-2998
- Nesans jiska 3yèm Degre: cpsd.us/departments/b3 oswa 617-349-6554
- Depatman Edikasyon ak Pwoteksyon Sosyal: eeclead.force.com/EEC_ChildCareSearch
- Sant pou Fanmi: 617-349-6385

Konbyen li koute pou ale nan yon Lekòl Matènèl DHSP?

Frè ekolaj Lekòl Matènèl DHSP yo pa fiks se selon revni an. Chak ane yo pibliye echèl lan ansanm ak materyèl Tiraj pou Lekòl Matènèl yo.

Nan Depatman Pwogram Sèvis Sosyal yo (Department of Human Service Programs, DHSP), n ap fè jefò pou nou rann pwogram nou aksesib pou tout fanmi ki nan Cambridge yo. Nou aksepte kupon yo epi nou pwopoze bonjan asistans nan frè ekolaj pou fanmi ki elijib yo. Kantite lajan yon fanmi benefisye pou peye pou ekolaj lan se selon revni bri fanmi an, kantite moun ki gen nan fanmi an, ak difikilte pèsònèl.

Pou ane lekòl 2023 – 2024 an frè ekolaj nou yo se:

Revni Bri pou Fanmi an	Apeprè Pri Ekolaj Pou Chak Jounen**	Pri Ekolaj Pou Chak Mwa
\$252,401 – pi plis	\$84.94	\$1,840.42
\$189,301 - \$252,400	\$67.95	\$1,472.33
\$151,441 - \$189,300*	\$50.97	\$1,104.25
\$126,201 – \$151,440*	\$40.77	\$883.40
\$0 - \$126,200*	*Selon to debaz ki nan eta a pri ekolaj pou jounen an se \$63.22. Tout fanmi revni bri yo se ant \$0 jiska \$189,300 Minisipalite Cambridge lan sibvansyon yo pou peye mwens pase sa eta a mande pou jounen an. Fanmi ki gen revni yo ki ant \$0 jiska \$126,200 pral kalifye pou resevwa asistans adisyonèl pou peye frè ekolaj. Kantite lajan asistans ekolaj lan ye se selon revni bri fanmi an, kantite moun ki gen nan fanmi an, ak difikilte pèsònèl. Tanpri kontakte nou pou jwenn plis enfòmasyon sou montan bous pèsònèl yo.	

**Yo touche frè ekolaj yo selon to chak mwa yo. Yo kalkile to chak jounen chak 22 nan yon mwa.

Kijan mwen kapab aplike pou yon bous etid?

Ou pa bezwen okenn lòt papyè ankò! Nou itilize dokiman ou soumèt yo pou rantre nan tiraj lan pou kalkile to ekolaj lan, tankou asistans ak ekolaj lan.

Si m ap peye lajan yo di mwen peye an, èske mwen gen bezwen soumèt prèv sou revni mwen ak kantite moun fanmi mwen genyen?

Si revni ou nan tranch revni ki pi wo an, ou pa bezwen pwouve revni ou oswa kantite moun ki nan fanmi ou. Men ou toujou gen bezwen pou prove laj ak adrès timoun ou an.

Ki orè fonksyonman Lekòl Matènèl DHSP yo?

Tout Lekòl Matènèl DHSP yo fonksyone 12 mwa chak ane epi 5 jou chak semèn (Lendi jiska Vandredi). Haggerty, Kennedy/Longfellow, M.L. Lekòl Matènèl King ak Windsor fonksyone apati 7:30 a.m. – 5:30 p.m. Lekòl Matènèl The King Open, Morse, ak Peabody fonksyone apati from 8:00 a.m. – 6:00 p.m.

Èske gen plas tan pasyèl nan Lekòl Matènèl DHSP yo?

Nou pa pwopoze plas tan pasyèl nan okenn nan pwogram nou yo. Tout plas yo se pou 5 jou chak semèn epi 12 mwa chak ane.

Ki prekosyon kont COVID-19 Lekòl Matènèl DHSP pran aktyèlman la?

Prekosyon ak pwosedi espesifik nou aplike chanje tanzantan chak fwa yo dekouvri yon bagay sou fason pou anpeche COVID-19 lan pwopaje. Pi gwo priyorite nou genyen se sante ak sekirite timoun, fanmi, ak manm ekip nou yo. Kidonk, nou kolabore nan tèt sere avèk Depatman Sante Piblik Cambridge pou aplike ak suiv pwotokòl COVID-19 epi pran desizyon pou pwogram nou yo. Pandan moman sa a, mask yo pa obligatwa nan pwogram nou yo. Tank konsèy Sante Piblik Cambridge, Lekòl Piblik Cambridge yo, epi/oswa Depatman Edikasyon ak Pwoteksyon Sosyal (Department of Early Education and Care, EEC) ap chanje, nou pral modifye konsèy pa nou yo tou.